

















Nuh lan Banjir Gedhe

Crita saka Pangandikané Gusti, Kitab Suci

bisa digolèki ing

Purwaning Dumadi 6 – 10

"'Kawedharipun pangandika Paduka punika madhangi'." Jabur 119:130

Ditulis déning Edward Hughes
Digambari déning Byron Unger; Lazarus

Diterjemahaké déning Endang Supardan
Dibesut déning M. Maillot; Tammy S.

Crita nomer 3 saka 60

**M1914.org**

**Bible for Children, PO Box 3, Winnipeg MB R3C 2G1 Canada**

Kowe duwé hak motokopi utawa nyithak crita iki, waton ora kanggo diedol.

**Gusti Allah pirsa** yèn kita wis nglakoni prakara sing èlek-èlek, sing disebut dening Gusti Allah, dosa. Paukumané dosa iku pepati.

**Gusti Allah tresna banget marang kita** nganti masrahaké putrané, Gusti Yésus, supaya séda sinalib lan nebus paukuman kita. **Gusti Yesus wus wungu, gesang** lan kondur menyang Swarga.! Saiki uga Gusti bisa ngapura dosa-dosa kita.

**Yen kowé kepéngin mratobat saka dosa-dosamu,** matura marang Gusti Allah mengkéné: Gusti Allah ingkang kawula tresnani, kawula pitados bilih Gusti Yésus séda kanggé kawula, lan sakmenika sampun wungu lan gesang. Kersaa rawuh ing manah lan gesang kawula sarta ngapunteni dosa-dosa kawula, supados kawula pikantuk gesang énggal sakmenika; lan mbénjang badhé sesarengan kaliyan Paduka salaminya. Kersaa mitulungi kawula supados kawula saged gesang kagem Paduka kadosdéné putra Paduka. Amin. Yohanes 3:16

Macaa Kitab Suci lan geguneman karo Gusti Allah saben dina!

Basa Jawa Prasaja Javanese







Gusti Allah dhawuh marang Nuh supaya waspada lan siap-siap amarga arep ana banjir gedhé banget ing salumahing bumi.
3
“Sira gawéya prau saka kayu, gawéya sing gedhé supaya cukup kanggo kaluwargamu lan kéwan-kéwan sing akèh,” dhawuhé marang Nuh.
4
Gusti Allah maringi arahan sing cetha lan *rinci* banget marang Nuh. Nuh nglakoni kabèh karépotan mau!
5
Wong-wong padha nggeguyu bareng Nuh nerangaké kenang-apa dhèwèké gawe prau. Nuh tetep mbangun. Nuh uga tetep nyritakaké bab Gusti marang wong-wong liya. Nanging ora ana sing ngrungokaké.
6
Nuh duwé iman-kapercayan sing gedhé. percaya marang Gusti Allah senadyan dhewèké ngerti nek sakdurunge iku ora tau udan. Saiki praune wis dadi lan sedhiya diisi barang-barang kabutuhan.
7
Banjur para kéwan padha teka. Gusti ngasta kabèh jenis kéwan, sajenis ana sing pitu; ana sing loro.
8
Bangsa manuk gedhé lan cilik, kéwan galak cendhèk lan dhuwur, kabèh padha nuju menyang prau.
9
Mbokmenawa wong-wong padha moyoki lan madani Nuh nalika nglebokaké kéwan-kéwan iku. Wong-wong mau ora mandheg anggoné gawé dosa marang Gusti Allah. Ora ana sing njaluk melu mlebu nang prau.
10
Pungkasané kabèh bangsa kéwan lan manuk wis munggah nang prau. “Mara mlebua nang prau,” dhawuhé Gusti marang Nuh.
11
“Sira lan kulawargamu kabèh”.
Nuh, garwané lan putrané lanang telu sarta para garwané mlebu nang prau. Banjur Gusti Allah nutup lawangé prau!
12
Banjur mulai udan. Udané deres banget ngesoki bumi nganti patang puluh dina patang puluh wengi.
13
Banjir nyrambahi kabèh kutha lan désa. Bareng wis terang, kétok yèn gunung-gunung uga kelelep. Samubarang sing ambegan padha mati.
14
Nalika banyuné munggah, prauné Nuh kemambang nang nduwuré. Mbokmenawa nang jero prau iku peteng, sesak, utawa malah medèni. Nanging prau iku ngayomi Nuh saka banjir.
15
Sakwisé limang wulan banjir, Gusti Allah ngutus angin kanggo nggaringaké. Alon-alon prauné Nuh sumèlèh ing pucuk gunung Ararat.
16
Bubar iku, Nuh isih kudu tetep nang jero prau patang puluh dina manèh, lagi banyuné asat.
17
Nuh banjur ngaburaké manuk gagak lan dara metu jendéla prau. Jebul manuk darané balik nang Nuh amarga durung nemu dharatan resik sing bisa kanggo ménclok.
18